



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PI GWO FÈM BRASRI NEW YORK LA POTE BYÈ
LISANSE “I LOVE NEW YORK” NAN LACHIN**

W ap Jwenn Foto Byè Lisans I LOVE NEW YORK la yo Disponib [Isit la](#) ak [Isit la](#)

***Sa Konplemante Inisyativ Reyisi Gouvènè Cuomo pran pou I Modènize ak
Agrandi Endistri Bwason Atizanal New York la ki gen Renomen Mondyal***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse premye byè ofisyèl lisans I LOVE NEW YORK ki pral distribiye atravè Lachin an patenarya ak pi gwo fèm brasri nan New York la. Anba mak “Two Dragons” (De Dragon) Konpayi Brasri Empire ki baze nan Syracuse la (Syracused-based Empire Brewing Company), ki gen logo touris mak amblematik I LOVE NEW YORK yo rekòtè atravè tout mond lan, sa pral sèvi kòm entwodiksyon pou anpil brasri k ap agrandi epi kòm yon destinasyon toris agrikòl nan Eta New York.

Gouvènè Cuomo te di: “Endistri pwospè bwason atizanal New York la ki gen renomen mondyal la ap kreye nouvo djòb pou estimile kwasans ekonomik atravè tout eta a, epi patenarya inik sa a pral entwodwi youn nan meyè pwodwi New York ofri bay yon odyans global. Logo amblematik I LOVE NEW YORK la pral pwomouvwa pwodwi alimantè ak bwason bon jan kalite New York yo epi li pral atire plis vizitè vin vizite brasri bwason atizanal yo, agrandi endistri a epi ogmante revni touristik atravè tout eta a.”

Two Dragons se yon tip byè lejè yo fabrike ak oubliyon yo kiltive nan Eta New York mele ak te nwa ki soti Lachin. Mèt Empire Brewing Company an, David Katleski te jwenn enspirasyon pou I melanje atizay teknik brasri Bwason Atizanal Ameriken an yo ansanm ak istwa ak presizyon yo konn fè te nwa Lachin yo pandan yon vwayaj li te fè an Chin. Yo te konsepsyone byè sa a inisyelman pou mache Chinwa a, men byè a te distribiye atravè rezo distribisyon Empire Brewing nan New York, nan New Jersey ak nan Delaware akòz de egzijans demand mache a. Empire Brewing gen plan pou I ogmante plis distribisyon tank brasri a ap evolye ak agrandi. W ap jwenn foto byè yo disponib [isit la](#), [isit la](#), [isit la](#) ak [isit la](#).

Pwodiksyon byè a te posib gras a nouvo etablisman brasri ki nan Cazenovia, ki te resevwa finansman eta apati de Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a. Nouvo fèm brasri Empire Brewing Company an (Farmstead Brewery, oswa Breswstead) mezire 42 000 pye kare, li se pi gwo fèm brasri nan Eta New York, epi li pral kreye prèske 80 nouvo djòb lokal. Nouvo etablisman sa a ap pèmèt konpayi an agrandi pwodiksyon I soti 4 500 baril pa ane rive 17 000 paril nan premye ane a, epi 20 000 baril avan twazyèm ane a.

Agrandi Endistri Bwason Atizanal la nan New York

Patenarya sa a konplèman pwogrè Gouvènè a te fè pandan senkan ki sot pase yo, sa ki gen ladan adopsyon lwa sou Bwason Atizanal New York la (Craft New York Act), pou diminye règleman kontraryan sou pwodiksyon yo epi soulaje restriksyon sou komèsyalizasyon pwodwi atizanal yo. Depi 2011, eta a te mete yon seri refòm enpòtan an aplikasyon epi li te agrandi pwogram lan yo pou li pi devlope endistri bwason atizanal la, ki gen ladan yo lansman kanpay pwomosyonèl 60 milyon dola toupatou nan eta, ak òganizasyon reyinyon somè sou divèn, byè ak alkòl toupatou nan eta a.

Nou ka wè siksè investisman New York te fè nan endistri bwason atizanal yo soti Finger Lakes rive nan Capital Region:

- Kounye a, New York gen plis pase 900 antrepriz pwodiksyon divèn, brasri, distiyri ak sidri.
- Kantite antrepriz fèm divèn nan New York yo te ogmante plis pase 60 pousan soti nan 195 an 2010 pou vin 316 jodi a.
- Anplis de sa, kantite ti brasri yo ogmante tou de 285 pousan, soti nan 40 an 2010 rive 154, pandan fèm distiyri yo agrandi soti nan sèlman 10 an 2010 pou rive 98 jodi a.
- Yo te kreye de nouvo lisans depi 2011: lisans fèm brasri a an 2013 ak lisans fèm sidri a an 2014.
- New York gen 132 biznis fèm brasri ak 24 biznis fèm sidri.

Mèt Empire Brewing Company an ak Prezidan Asosyasyon Brasè New York lan (NYS Brewers Association), David Katleski te di: “Filozofi antrepreneryèl nou se pou nou *Kiltive Lokal, Fè Atizay Global* epi *Misyon nou Nan Boutèy la (Grow Local, Craft Global, and our Mission Is In the Bottle)*. Li fè anpil sans pou nou sezi opòtinite pou n antre nan patenarya sa a avèk I LOVE NEW YORK pou nou pwomouvwa eta plis atravè byè nou an nan Lachin.”

Prezidan, PDG ak Komisè Devlopman Empire State la Howard Zemsky te di: “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, endistri bwason atizanal la te eksperyanse yon kwasans san parèy nan Eta New York la, epi Empire Brewing Company te yon lidè nan endistri a. Nouvo patenarya yo fè la pral fè yon gen plis fanatik atravè mond lan epi ede fè plis moun konnen bwason atizanal bon gou Eta New York yo.”

Divizyon Global Devlopman Empire State la nan New York (Empire State Development’s Global NY division) te jwe yon wòl enpòtan nan ede etabli epi devlope

relasyon ant brasri a ak Lachin, epi ekspoze brasri a ba anpil achtè aletranje, sa ki pral lakoz ekspòtasyon ogmante. An 2015, Empire Brewing Company te patisipe nan misyon echanj komèsyal ak Lachin, Divizyon Global Devlopman Empire State la nan New York te òganize ak dirije, sa ki te entwodwi brasri a bay omològ komèsyalizasyon, anbalaj, konpetisyon Lachin yo a. Sibvansyon Eta pou Pwomosyon Echanj Komèsyal ak Ekspòtasyon an (State Trade & Export Promotion) te finanse frè vwayaj aletranje yo.

Devlopman Empire State la, ki se ajans devlopman ekonomik an chèf nan Eta New York la, te yon sipòtè solid Empire Brewing Company atravè pwosesis planifikasyon, ak konstriksyon Fèm Brasri (Farmstead Brewery) li a ki nan Cazenovia, nan Konte Madison. Devlopman Empire State la te founi finansman epi l te apwouve patisipasyon konpayi a nan pwogram egzanpsyon enpo START-UP NY la (tax-free program), ki gen ladan yon patenarya an Empire Brewing Company ak pwogram Etid Brasri SUNY Morrisville la (SUNY Morrisville Brewing Studies).

Byè Two Dragon I LOVE NEW YORK la pral rive an Lachin an fevriye 2017. Brand Sense Partners, ki se yon ajans lisans ekskliziv pou I LOVE NEW YORK, te negosye epi egzekite akò a. Logo I LOVE NEW YORK la se yon mak komèsyal anrejistre ki gen tout dwa rezève a Ajans Devlopman Empire State Eta New York la. Yo entèdi tout itilizasyon san pèmisyon yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram lisans I LOVE NEW YORK la, tanpri kontakte BSP nan iloveny@bsp.com.

Enfòmasyon sou Touris nan Eta New York

Eta New York mete aksan sou 11 bèl rejyon pou vakans. Atraksyon New York yo mete aksan sou peyizaj tankou Chit Nyagara (Niagara Falls), ki se pi gwo pak nan kontinantal Etazini nan Adirondacks ak trezò tankou Tanp Renomen pou Bizbòl (Baseball Hall of Fame) nan Cooperstown ak Mize Vit Corning (Corning Museum of Glass). Eta New York la ofri divès aktivite pou tout moun: amizman anplennè - lapèch, randone ak navigasyon anplezans, festival pandan tout ane a ak dekouvèt istwa ak kilti rich youn nan 13 premye koloni yo. Vizitè yo kapab pwofite de bon jan kwizin, santye bwason ak pwodwi alimantè frèch soti nan fèm mete sou tab. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb www.iloveny.com. Medya ka jwenn kominike laprès yo ak plis enfòmasyon sou sitwèb thebeat.iloveny.com.

###